



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/28/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ENTÈDI TOUT VIZIT KI PA ESANSYÈL NAN NORTH CAROLINA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen yon dekrè egzekitif pou entèdi tout vwayaj eta ki pa esansyèl nan North Carolina. Dekrè egzekitif la mande tout ajans, depatman, konsèy ak komisyon Eta New York yo pou imedyatman revize tout demann pou finansman eta oswa vwayaj eta patwone nan Eta North Carolina ak pou entèdi nenpòt vwayaj ki jwenn finansman piblik ki pa esansyèl pou fè respekte lwa eta oswa sante ak sekirite piblik.

Entèdiksyon an, ki antre anvigè touswit, vini apre ke North Carolina te adopte yon lwa ki entèdi moun trans-seksyèl yo pou pa itilize twalèt ki apwopriye pou idantite seksyèl yo, ekskli oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl nan pwoteksyon anti-diskriminasyon eta, epi entèdi minisipalite yo pou etann pwoteksyon sa yo pou sitwayen LGBT.

“Nan New York, nou kwè ke tout moun – kèlkeswa idantite oswa oryantasyon seksyèl yo – merite menm dwa ak pwoteksyon anba zye lalwa,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Apati Stonewall pou rive nan egalite maryaj, eta nou an te yon flanbo espwa ak egalite pou kominote LGBT a, e nou pap kanpe avèk bra kwaze devan yon lwa ki ewone kap repwodui diskriminasyon nan tan lontan. Osi lontan ke gen yon lwa nan North Carolina ki kreye baz pou diskriminasyon kont moun LGBT yo, mwen entèdi vwayaj ki pa esansyèl nan eta sa.”

[Nan 2015](#), Gouvènè Cuomo te entèdi vwayaj eta ki pa esansyèl nan eta Indiana apre ke lejislati eta te pase yon lwa kontwovès sou mezi libète relijye ki pa entèdi diskriminasyon kont sitwayen LGBT yo. Aksyon Indiana te vin modifye annapè pou anpeche ke yo itilize l pou diskrimine kont rezidan LGBT yo ansanm avèk vwayajè yo nan Indiana, e yo te [leve](#) entèdiksyon vwayaj.

Dekrè egzekitif Gouvènè a entèdi vwayaj ki pa esansyèl nan North Carolina disponib [la](#), e ou ka jwenn tèks la isit la:

## **ENTÈDIKSYON VWAYAJ ETA FINANSE OSWA PATWONE NAN NORTH CAROLINA**

**ALÓSKE**, Eta New York se yon lidè nasyonal nan pwoteje dwa sivil ak libète tout sitwayen li yo;

**ALÓSKE**, Eta New York nan ane 1945 te adopte premye lwa eta kont diskriminasyon nan peyi a, sa ki kounye a entèdi diskriminasyon sou anpil baz enkli laj, ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal, ak andikap;

**ALÓSKE**, asire ke moun yo lib de diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl se yon enterè gouvènman eta sanksyone;

**ALÓSKE**, pwoteje Eta New York pou l pa finance envolontè diskriminasyon kont klas pwoteje yo, enkli oryantasyon ak idantite seksyèl se yon enterè enpòtan gouvènman eta sanksyone;

**ALÓSKE**, eta North Carolina te adopte lwa pou entèdi moun trans-seksyèl yo pou yo pa itilize twalèt ak etablisman pou chanje ki koresponn a idantite seksyèl moun sa yo, te ekskli oryantasyon ak idantite seksyèl nan pwoteksyon anti-diskriminasyon eta, e li te entèdi inite gouvènman lokal la pou l pa elaji kalite pwoteksyon sa yo pou madivin, omoseksyèl, ak sitwayen trans-seksyèl (LGBT) yo;

**ALÓSKE**, nan yon sosyete lib dwa egal pou tout sitwayen, enkli sitwayen LGBT yo, dwe pwoteje ak cheri;

**ALÓSKE**, nan yon sosyete lib volonte anpil moun pa kapab baz pou diskriminasyon kont sèten;

**ALÓSKE**, se règleman eta New York pou ankouraje egalite, pwoteje byennèt sitwayen yo nan Eta New York, epi konbat diskriminasyon;

**ANKONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York an vèti pouwva ak otorite ke administrasyon an te konfere m pa Konstitisyon an ak lwa yo nan Eta New York, deklare **ÓDONE EPI MANDE**:

- Tout ajans, depatman, konsèy, otorite pou revize tout demann pou eta finance oswa vwayaj eta patwone nan Eta Indiana osi lontan ke gen yon lwa anvigè ki kreye baz pou diskriminasyon kont sitwayen LGBT yo;
- Pou entèdi nenpòt vwayaj leta finance oswa eta patwone nan kote sa, sof si vwayaj la nesèsè pou aplikasyon lwa Eta New York, pou satisfè obligasyon kontra ki te la deja, oswa pou pwoteksyon sante piblik, byennèt ak sekirite;
- Entèdiksyon Eta New York sou vwayaj leta finance pral antre anvigè imedyatman e lap kontinye toutotan lwa sa rete anvigè.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418